NI SANTR BI DI DOXE

1. Waxtaan ak njaboot gi

Jàŋgalekat biñu déŋk kalaas bi mooy jëkk door waxtaan wi ci diggënte waajur yi ak ekool bi. Ngir loolu am, dina ñu jox waajur yi turu jàŋgalekat yiñu déŋk kalaas ak woxtu yi ñu dul jàŋgale. Waajur yi dana ñu ñaan ndaje ak jàŋgalekat biñu déŋk kalaas bi ci woxtu yi ñu jagalal loolu, wolla itam jàŋgalekat biñu déŋk kalaas bi mën na leen jox beneen woxtu.

Su ko laajee, mën nga itam ñaan ndaje ak jàŋgalekat, wolla ku book ci Kuréelu njiit yi, wolla Bàŋqaasu tegtal bi.

2. Ndimbël ak sabab

a) Su eleew bi teewe wul kuur, ak lu sabab bi mënë doon, waajur yi feesal kayitu sabab te jox ko jàŋgalekat biñu déŋk kalaas bi ci diiru ..... fan ci li dale ci bis bi mu teewul, lu ko moy dañuy jàpp ni ñàkk teew boobu « amul sabab ».

   Ñàkk teew (bu àndak sabab wolla bu àndulak sabab) dana ñu bind waajur yi yégal leen ko ndax ñu mën ko dëggël.

b) Su eleew bi tardee te amul sabab, jàŋgalekat mën na ko jox artu bu ñu bind.

3. Noppalu

Eleewu 1eel ak 2eelu at..... ci Njàŋg mu Diggdóoomu mu Warmi (E.S.O.) da ñu wara toog ci ekool bi ci woxtu noppalu yi, ci bërëb yi ñu jagleel loolu (teeree espoor) wolla ci kafeteria bi.

Eleewu yeneen at yi mën na ñu génn ekool bi ci woxtu noppalu, te ñu moytu tarde yu amul sabab (sabab yu waajur joxe).

4. Artu bu ñu bind

Jàŋgalekat mën na joxe artu bu ñu bind su fekkee ni xalaat na ni defna lu yaradiku wolla su sàmmoowul ak wareefam.

Artu bu ñu bind dina ñu ko yonnee waajur yi ci post. Su ci eleew bi amee ñett ñu yégal ko, su mëtee ñeent, ñu woo waajuram, dàq ko ekool bi benn bis.

5. Diggënte kuur yi

Diggënte kuur yi, eleew yi am na ñu juróomi minit yu ñu mëne soppi kalaas su fekkee ni macceer bi da fa am kalaasam : misik, xarale (teknoloji), informatik, tàggat yaram, etc. Tere na ñu ci ku yuuxu, dàqe, dem kafeteria, etc.

6. Reegalmaa ci tóx

Ni ko Reegalmaa wu ekool bi ak Sartu Diwaanu Aragon waxe, tere na ñu nit tóx ci biir ekool bi (muy ci taax yi wolla ci ëtt yi).